**दिन–शनिवार** **दिनांक–08.06.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू एनडीएक संसदीय दलक नेता नरेन्द्र मोदी के नव सरकारक गठन लेल आमंत्रित कयलनि अछि। शपथ ग्रहण समारोह काल्हि सांझ सात बाजि कऽ पन्द्रह मिनट पर राष्ट्रपति भवन मे होयत। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू श्री नरेन्द्र मोदी आओर हुनक मंत्री परिषदक सदस्य सभ के पद आओर गोपनीयताक शपथ दिऔतीह। श्री मोदी काल्हि राष्ट्रपति सँ भेट–घाट कयलनि आओर नव सरकार बनेबाक दावा पेश कयलनि। एम्हर, केन्द्र मे नव सरकारक शपथ ग्रहण समारोहक तैयारी जोर–शोर सँ चलि अछि। एहि सँ पहिने भाजपा अध्यक्ष जे.पी. नड्डाक नेतृत्व मे एनडीएक एक प्रतिनिधि मंडल काल्हि राष्ट्रपति सँ भेटघाट कऽ श्री नरेन्द्र मोदी के भाजपा संसदीय दलक नेता निर्वाचित कयल जयबाक जनतब देलनि। संगहि, एनडीएक घटक दल दिस सँ समर्थन पत्र सेहो राष्ट्रपति के सौंपल गेल। राष्ट्रपति भवनक बाहर श्री मोदी जनौलनि जे एनडीए एक सुदृढ़, स्थिर आओर विकासोन्मुख सरकार बनाओत। श्री मोदी जनौलनि जे राष्ट्रपति हुनका प्रधानमंत्री पद लेल मनोनीत कयलनि अछि आओर ओ राष्ट्रपति के जनतब देलनि अछि जे ओ रवि दिन कऽ सांझ काल होयवला शपथ ग्रहण समारोह लेल सहज छथि। ओ जनौलनि जे राष्ट्रपति भवन अखन बचल जनतब पर काज करत आओर ता धरि मंत्री परिषदक सूची राष्ट्रपति के सौंप देल जायत। हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे श्री नरेन्द्र मोदी के तेसर बेर प्रधानमंत्री पदक शपथ ग्रहण समारोह मे भाग लेबाक लेल पड़ोसी देशक कतेको नेता सभ के आमंत्रित कयल गेल अछि। पड़ोसी देश आओर हिन्द महासागर क्षेत्रक नेता सभ समारोह मे विशिष्ट अतिथिक रूप मे शामिल होयताह। शपथ समारोह मे भाग लेबाक लेल कतेको देशक राष्ट्राध्यक्ष नव दिल्ली आबि रहल छथि।

---

न्यायमूर्ति अरविन्द सिंह चंदेल आइ पटना उच्च न्यायालयक न्यायाधीशक रूप मे शपथ लेलनि। राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर  राजभवन मे आयोजित एक कार्यक्रम मे हुनका पदक शपथ दिऔलनि। श्री चंदेल एहि सँ पहिने छत्तीसगढ़ उच्च न्यायालय मे न्यायाधीश छलाह।

———————————————————————————

केन्द्रीय अन्वेषण ब्यूरो नोकरीक बदला जमीन मामिला मे पूर्व रेलमंत्री लालू यादव, हुनक परिवारक सदस्य आओर आनो–आन लोकसभक खिलाफ अंतिम आरोप पत्र दायर कऽ देलक अछि। एहि पर विशेष अदालत छओ जुलाई कऽ सुनवाई करत। एहि सँ पहिने चारि अक्टूबर दू हजार तैईस कऽ न्यायालय नोकरीक बदला जमीन घोटाला मे एक नव चार्जशीटक आधार पर पूर्व रेलमंत्री लालू यादव, पूर्व मुख्यमंत्री राबड़ी देवी, पूर्व उपमूख्यमंत्री तेजस्वी यादव आओर आनो–आन के जमानत दऽ देने छल।

———————————————————————————

सूचना आ प्रसारण मंत्रालय योग अभ्यासक विषय मे जागरूकता बढेबाक लेल कतेको गतिविधिक आयोजन करत। सूचना आ प्रसारण सचिव संजय जाजू आओर आयुष मंत्रालयक सचिव वैद्य राजेश कोटेचा एकैस जून कऽ होयवला अंतर्राष्ट्रीय योग दिवस दू हजार चौबीसक कार्यक्रमक तैयारीक समीक्षा कयलाह। लोक सेवा प्रसारक, प्रसार भारती दूरदर्शन आओर आकाशवाणी नेटवर्कक माध्यम सँ कतेको कार्यक्रमक प्रसारण करत। मंत्रालय जनौलक अछि जे आकाशवाणी, मोरारजी देसाई राष्ट्रीय योग संस्थानक मददि सँ योग के जीवन शैलीक रूप मे बढ़ावा देब आओर लोकसभ के समग्र कल्याण लेल कार्यक्रम प्रसारित करत।

———————————————————————————

राजधानी पटना सहित प्रदेशक बेसी क्षेत्र पछिया हवाक कारण भीषण लू के चपेट मे अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार राज्यक दक्षिण–पश्चिम आओर दक्षिण–मध्य भाग मे बेसी ठाम तापमान बियालीस डिग्री सँ बेसी भऽ गेल अछि। रोहतासक डेहरी राज्यक सभ सँ बेसी गर्म स्थान रहल। जतऽ अधिकतम तापमान तैंतालीस दशमलव आठ डिग्री सेल्सियस रहल। विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक अछि जे अगिला चौबीस घंटाक बीच राज्यक उत्तर–पश्चिम आओर दक्षिणी क्षेत्र मे कतेको ठाम लू चलत। ओतहि, बांका, भागलपुर, जमूई, पटना, बक्सर, भोजपुर, रोहतास आओर गया सहित राज्यक दक्षिणी क्षेत्र मे कतेको ठाम भीषण लू के लऽकऽ औरेंज अलर्ट जारी कयल गेल अछि। मौसम विभाग दक्षिण–पश्चिम मॉनसून के लऽकऽ जनौलक अछि जे मॉनसून अपन सामान्य गति सँ आगू बढि रहल अछि आओर ई समय सँ एक दिन पहिनहि चौदह जून कऽ राज्य मे आबि सकैत अछि।

---

मधुबनी जिलाक कलुआही थानाक नरार गाम मे अपराधी सभ शराब तस्करक खिलाफ कार्रवाई करबाक लेल गेल पुलिसक स्पेशल टीम पर गोली चलौलक जाहि सँ दू जवान घायल भऽ गेलाह। पुलिस अधीक्षक सुशील कुमार जनौलनि जे ई मामिला मे तीन शराब तस्कर के गिरफ्तार कयल गेल अछि।?

---

पश्चिम चंपारणक नरकटियागंज थानाक दिउलिया मे हाई टेंशन तारक चपेट मे अयला सँ एक मजदूरक मुत्यु भऽ गेलनि। भेटल जनतबक अनुसार एक निर्माणाधीण मकानक सेंटरिंगक काजक बीच ई घटना घटल।

---

एम्हर, अररिया जिलाक सिमराहा थानाक धमदाहा मे खेत पटाबय काल करंट लगलाह सँ एक महिलाक मृत्यु भऽ गेलनि।

---

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।